

Ou Santi Sentòm COVID-19 yo?

Anplis tès COVID-19 ou an, rele pwofesyonèl swen sante ou pou wè si yo rekòmande w tretman COVID-19 lan. Pwofesyonèl swen sante ou an pral konnen pi bon opsyon an pou ou, baze sou sentòm ou yo, risk yo ak istorik sante ou.

Sentòm ki pi komen yo se:



Lafyèv, frison



Tous



Difikilte pou respire



Pèdi sant oswa gou



Doulè nan mis, gòj fè mal, tèt fè mal

Rele 911 la tousuit si ou genyen:




Difikilte pou respire si sa vin pi mal



Doulè oswa presyon nan lestomak ki pa janm ale



Konfizyon oswa difikilte pou reveye



Bouch oswa figi ble



Lòt sentòm grav



Department
of Health